



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADOPSYON PLAN JENERAL PWOJÈ POU
KONPLÈKS TRANSFÒMATIF EMPIRE STATION**

Dekri nan ajanda sou Sityasyon Eta 2020 Gouvènè Cuomo a, Konplèks Empire Station lan prevwa yon sant fewovye transpò piblik klas mondyal ak entegre pou Vil New York

Evènman enpòtan an se dènye etap nan kreye yon inisyativ reyamenajman konplè pou revitalize zòn lan ozalantou Penn Station

Achèvman nan delè ak nan limit bidjè Moynihan Train Hall se te premye etap nan efò transfòmasyonèl

Bouyon plan jeneral pwojè a ak bouyon deklarasyon enplak anviwònmantal la disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Konsèy Direktè Empire State Development (ESD) lan te adopte Plan Jeneral Pwojè (General Project Plan, GPA) a epi sètifye bouyon Deklarasyon Enpak Anviwònmantal (draft Environmental Impact Statement, DEIS) la pou zòn ki alantou Penn Station, ki fè pati Konplèks Empire Station, ki te dekri nan ajanda [sou Sityasyon Eta 2020](#) Gouvènè a. Bouyon Plan an se yon inisyativ reyamenajman konplè ki pral revitalize zòn alantou Penn Station lan epi jenere fon pou ede nan renovasyon ak ekspansyon Estasyon an. Nan 30 desanm, Gouvènè Cuomo te anonse [gran ouvèti](#) Moynihan Train Hall, premye etap nan reyalizasyon vizyon sa a. Nou ka jwenn materyèl aksyon Konsèy la [isit la](#).

"New York te pwouve plizyè fwa ke gouvènman an kapab toujou rive livre pwojè enfrastrikti transfòmasyonèl ki non sèlman respekte delè ak bidjè yo, men tou ki reziste ak eprè tan", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Achèvman reyisi Moynihan Train Hall se te yon etap enpòtan, men se sèlman premye etap la nan revitalizasyon nan tout katye a. Pwojè Konplèks Empire Station lan reprezante pwochen gwo investisman nan efò nou pou rekonstwi ak elaji mòso enfrastrikti eta nou an ki enpòtan sa a epi pral sipòte kwasans ekonomik nan Vil New York ak nan tout eta a."

"Kòm ansyen konseye Senatè Ameriken Daniel Patrick Moynihan, mwen fyè dèske nouvo Moynihan Train Hall la se yon testaman pou vizyon pwogresis li ak lespri rezistan New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Anons jodi a vle di plis revitalizasyon alantou zòn Penn Station lan epi fonde sou eksperyans klas mondyal

nou pou travayè yo. Nouvo Moynihan Train Hall la ak fiti Konplèks Empire Station lan se yon senbòl sou jan Eta New York angaje pou rekonstwi pi byen pase sa te janm ye anvan pou lavni apre pandemi an."

Plan Pwojè Jeneral Konplèks Empire Station lan, ke yon Bouyon Deklarasyon Enpak Anviwònmantral la sipòte, pral katalize reyamenajman gwo dansite, ki oryante nan transpò sou uit sit, sa ki ap bay yon distri modèn, miltifonksyon ki gen anviwon 20 milyon pye kare brit espas pou biwo komèsyal Klas A, vant an detay ak petèt rezidansyèl nan dis bilding. Sa ap apeprè double kantite an sipèfisi brit ki aktyèlman otorize sou uit sit yo. Anplis de sa, plan an prezante amelyorasyon nan transpò piblik ki endispansab yo, sa gen ladan nouvo antre ak wout aksè nan Penn Station ak toupre transpò piblik, ak amelyorasyon nan espas piblik pou abòde zafè espas ouvri ak sikilasyon pou pyeton, bisiklèt ak veyikil epi amelyorasyon peyizaj lari ki alantou yo.

Bilding yo ke plan ki adopte a fasilite a pral jenere revni esansyèl pou gwo amelyorasyon yo nan Penn Station ak lòt enstalasyon transpò nan zòn pwojè a. Twa nan uit sit ki pwopoze yo ap pèmèt ekspansyon potansyèl Penn Station nan blòk yo nan sid estasyon ki egziste a pou pèmèt kreyasyon pis ak platfòm ki nouvo ak anba tè. Plan ki adopte pou sit sa yo pral egzije ke devlopman miltifonksyon anlè sòl la fè aranjman pou ekspansyon potansyèl anba sit yo ak lari vwazen yo. Konsepsyon, konstriksyon ak eksplwatasyon Penn Station, ki analize nan kad pwosesis planifikasyon ak revizyon anviwònmantral federal apa, ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority), Amtrak, ak Otorite Transpò New Jersey (New Jersey Transit Authority) ap asime.

Zòn pwojè a jeneralman delimite nan Sixth Avenue ak Ninth Avenue nan lès ak lwès, ak nan West 30th Street ak West 34th Street nan sid ak nò nan Midtown Manhattan, Distri Kominotè 4 ak 5.

Prezidan Empire State Development, Steven M. Cohen, te deklare, "ESD te fè gwo pa nan reyalizasyon pwomès Gouvènè Cuomo a pou finalman konstwi sant fewovye transpò modèn New York merite a, se pa sèlman yon bagay li kontante li ak sa. Konsèy ESD a rekonèt vitalite ekonomik New York alavni an depann dirèkteman de amelyorasyon yo nan enfrastruktir nou fè jodi a, epi mwen apresye vòt konfyans pwojè sa a ak pou vizyon pi laj Gouvènè a pou fè eta sa a avanse".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Avèk Moynihan Train Hall epi Plan Pwojè Jeneral sa a, nou sou wout pou nou transfòme Penn Station pou tounen yon lòt senbòl ikonik lavni Vil New York. Vizyon Gouvènè a pou Konplèks Empire Station lan enpòtan pou siksè ak kwasans ekonomik Vil ak Eta New York. Mwen kontan ke plan ESD a pral kreye yon distri miltifonksyon dinamik ozalantou Penn Station ki pral merite yon sant transpò klas mondyal pou sèvi plizyè milyon pasan, rezidan ak vwayajè".

Gen yon odyans piblik vityèl sou DEIS ak GPP ki pral fèt nan madi 23 mas 2021 apati 5:00 PM rive 8:00 PM, apres a gen yon peryòd kòmantè piblik 30 jou. Manm piblik la

ki enterese patisipe dwe enskri [isit la](#). Anplis de sa, enfòmasyon sou enskripsyon ak enstriksyon detaye ki gen rapò ak odyans piblik vityèl la disponib sou [sitwèb](#) ESD a. Piblik la kapab soumèt kòmantè bay ESD lè yo voye imèl bay empirestation@esd.ny.gov. Nou dwe resevwa kòmantè yo rive 5:00PM nan vandredi 23 avril 2021.

ESD ap travay avèk Vornado Realty Trust, pwopriyetè yon gwo kantite pwopriyete nan zòn pwojè a, ki gen ladan pifò nan senk sit devlopman pwojè yo. Planifikasyon, konsepsyon ak aplikasyon amelyorasyon domèn piblik yo se yon efò kolaborasyon avèk Depatman Planifikasyon Vil nan Vil New York la ak Depatman Transpò Vil New York la. ESD ap kolabore avèk MTA, Amtrak ak NJT konsènan aplikasyon amelyorasyon transpò piblik ak ekspansyon potansyèl Penn Station.

Konplèks Empire Station Complex fè pati pi gwo reyamenajman Midtown West Gouvènè Cuomo a, ke li te anonse nan ajanda sou [Sitiyasyon Eta 2021](#) an. Eta New York te dirije anvan sa pwojè makwo-devlopman reyisi yo nan Vil New York, sa gen ladan Battery Park City, Roosevelt Island ak transfòmasyon Times Square. Lòt eleman vizyon Gouvènè Cuomo pou Midtown West se pwolonjman High Line, ranplasman Tèminal Bis Otorite Pòtyè, transfòmasyon Pier 76 pak remokaj nan yon pak bò dlo, ak ekspansyon Javits Center ki gen pou fini byento. Plan 51 milya dola a pral kreye 196,000 djòb, nouvo espas ekstèn, amelyore transpò piblik ak koneksyon pyeton yo, epi pote opòtinite lojman komèsyal ak abòdab nan katye Manhattan k ap boujonnen an.

Reprezantant Carolyn Maloney te deklare, "Fè avanse yon Konplèks Empire Station modèn ak revitalize se yon etap enpòtan nan investisman enfrastruktir ki nesesè pou asire entèkoneksyon rejyonal ak kwasans ekonomik. Penn Station se yon pòtay nan Vil New York pou plizyè milyon touris ak vwayajè epi ta dwe reflekte grandè vil nou an".

Senatè Brad Hoylman te deklare, "New York finalman reyalize yon rèv plizyè deseni ki se yon sant transpò 21yèm syèk la - epi youn ke Nouyòkè yo merite toutbon. Nouvo Moynihan Train Hall te deja tounen yon senbòl ikonik vil la, pote limyè, atizay ak aksè ak vwayajè yo. Pandan plizyè deseni, Penn Station se te yon pwoblèm frajil pou distri mwen an ak tout rejyon an. Mwen pa ka tann pou travay avèk kominote a ak pati enterese lokal yo pou konkretize vizyon Konplèks Empire Station lan ak kontinye transfòmasyon Penn Station ak ekspansyon pis la. Lè nou abòde pil pwoblèm ke sant transpò ki egziste a kreye, n ap dinamize ankò distri a nan avantaj katye ki ozalantou yo ak tout vil la".

Senatè Robert Jackson te deklare, "Konplèks Empire Station lan pral revitalize zòn alantou Penn Station lan, ankouraje nouvo investisman ak akeyi nouvo rezidan ak biznis yo. Anons jodi a sou adopsyon Plan Jeneral Pwojè a reprezante pwochen etap la nan yon pwosesis transparan ak piblik ki pral ede kondui pwojè sa a depi nan konsepsyon rive nan reyalite".

Manm Asanble Richard Gottfried te deklare, "Nouyòkè yo te gen premye apèsi sou sa transpò 21yèm syèk la te sanble gras ak ouvèti eksepsyonèl Moynihan Train Hall,

pwochen arè, Konplèks Empire Station lan. Sa pa pral non sèlman chanje fason nou vwayaje, men tou bay yon opòtinite pou satisfè pi gwo defi kominote ozalantou a ap fè fas, soti nan ogmante espas pou pyeton rive nan konstwi nouvo lojman abòdab. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li fè avanse Konplèks Empire Station epi mwen pa ka tann kontribisyon lokal ak bezwen yo ki kontinye fasone gran vizyon sa a".

Prezidan Awondisman Manhattan lan, Gale A. Brewer, te deklare, "Mwen felisite angajman Gouvènè a dèske li revitalize zòn alantou Penn Station lan epi mwen kontan wè yon plan k ap pran fòm. Mwen pa ka tann pou patisipe nan pwosesis angajman kominotè pou pwopozisyon sa a ki pral yon eleman kle nan fasone lavi zòn Penn Station nan yon avni apre pandemi an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)